



Pou Piblikasyon Imedya: 19/03/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE PREMYE SANTYE KUIZIN FWIDMÈ LONG ISLAND LAN

*Santye South Shore a fè pati inisyativ Transfòmasyon Aliman Ble Gouvènè a, ke yo te premye pwopozisyon nan Diskou Eta Leta 2024 la*

*Li pataje yon ti apèsi sou nouvo aplikasyon an pou ankouraje endistri lokal fwidmè sovaj ak elvaj yo, estimile biznis restoran ak biznis lokal yo, epi ranfòse aktivite touristik nan Long Island*

*Aplodi reyalizasyon Gwoup Travay Entè-ajans Nouyòk la ak Etid Fazabilite sou Transfòmasyon Fwidmè ki te dirije pa CCE Konte Suffolk la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman Santye Kuizin Fwidmè Lond Island (Long Island Seafood Cuisine Trail) lan. Ofisyèlman ouvri jodi a, Santye South Shore a etann soti Bay Shore rive Montauk epi li gen entansyon pou estimile biznis ak aktivite touristik nan kote ki sèvi ak vann ak fyète pwason ak kristase ki te elve ak peche lokalman, yon fason dirab pandan y ap fè pwomosyon pou endistri fwidmè Long Island lan. Santye a se yon pati nan inisyativ Transfòmasyon Aliman Ble (Blue Food Transformation) Eta a, ke yo te premye anonse nan pwopozisyon Eta Leta 2024 Gouvènè a, ki te kreye pou relanse endistri akwakilti ak fwidmè sovaj Nouyòk la ak ranfòse sistèm manje lokal yo.

"Endistri akwakilti ak fwidmè Long Island yo enpòtan anpil pou ekonomi agrikòl Nouyòk la – yo kreye djòb, sipòte yon anvivonman ki an sante, epi bay Nouyòkè fwidmè fre ak nourisan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Santye Kuizin Fwidmè Long Island yo mete aksan sou pwason ak kristase etonan yo rekòlte lokalman, montre ti biznis eksepsyonèl nou yo, epi atire plis vizitè nan rejyon enkwayab sa a."

### **Santye Kuizin Fwidmè Lond Island lan**

Anons jodi a te fèt nan yon seremoni koupe riban espesyal nan The Snapper Inn nan Oakdale kote Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te rejwenn reprezantan Ekstansyon Koperativ Cornell (Cornell Cooperative Extension, CCE) nan Konte Suffolk, ofisyèl eli leta ak lokal yo, pwopriyetè biznis lokal yo, ak lòt patnè pou devwale premye nan de Santye Kuizin Fwidmè Long Island yo te planifye yo. Snapper Inn nan ekstremite lwès Santye South Shore a, ki pral genyen 20 lokal ofisyèl ak lòt pwen

enterè pou mete aksan sou endistri fwidmè Nouyòk la, epi estimile vizitè yo nan biznis k ap sèvi ak vann pwason ak kristase lokal sovaj nan zòn nan ki peche yon fason dirab. Santye North Shore a, ki pral etann soti nan Oyster Bay rive nan Greenport, ap sibi devlopman epi yo prevwa lanse li nan mwa k ap vini yo.

Evènman an te prezante tou yon apèsi sou aplikasyon dijital Santye Kuizin Fwidmè Long Island la ki pral vini an, ki pral rann li menm pi fasil pou kliyan yo dekouvri etablisman Long Island yo k ap sèvi plat ki santre sou fwidmè. Aplikasyon an ke y ap devlope kounye a pral gide kliyan yo nan etablisman Long Island kote yo ka jwi yon bon repa fwidmè lokal yo, achte yon varyete zwit pou yon degustasyon zwit lokal, ale ak yon dejene fwidmè rapid, oswa filèt nan yon boutik fwidmè lokal pou prepare yon dine pwason lakay yo. Yon vèsyon sou entènèt nan aplikasyon an disponib sou [sitwèb Santye Kuizin Fwidmè Long Island lan](#), epi aplikasyon mobil lan espere disponib sou Apple App Store ak Google Play nan semèn k ap vini yo.

Nou ankouraje vizitè yo pou yo swiv santye kote yo konnen pou apresye ak selebre jenewozute dlo Long Island yo pandan y ap ankouraje biznis ak sipòte kominote lapèch lokal yo. Pwen enterè reyjonal yo ak evènman lokal yo tou entegre nan app la pou sipòte yon eksperyans touristik konplè. Vizite [paj Santye Kuizin lan sou sitwèb Pwason Lokal la](#) pou plis enfòmasyon.

Se CCE nan Pwogram Maren Konte Suffolk ki te kreye Santye a, an kolaborasyon ak Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) Eta Nouyòk la. Anplis de sa, AGM te travay sere ak Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta Nouyòk sou deziyasyon santye yo. Yon lis estasyon santye disponib sou [sit wèb AGM](#) lan.

**Komisè Agrikilti Eta Nouyòk (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare,** "Dlo Long Island yo abondan ak pwason ak kristase fre, ki gen bon gou, epi endistri fwidmè nou an ap travay san pran souf nan rekòlte ak elve espesyalite lokal sa yo. Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo vizite nenpòt kantite pami plizyè estasyon ki nan nouvo Santye Kuizin Fwidmè Long Island lan pou dekouvri kèk manje ki gen bon gou epi ede sipòte kominote akwakilti lokal nou an."

**Direktè Egzekitif Ekstansyon Koperativ Cornell la nan Suffolk, Vanessa Lockel te deklare,** "Pwogram Maren CCE Suffolk jwe yon wòl kle nan prezève vwa navigab Long Island yo atravè syans, restorasyon, ak edikasyon. Nou fyè dèske nou fè patenarya sou Santye Kuizin Fwidmè Long Island lan, yon pwojè ki an akò ak misyon nou nan mete aksan sou endistri akwakilti ak fwidmè reyjon an—endistri ki enpòtan anpil pou ekonomi nou an ak sante anviwònman nou an."

### **Etid Fezabilite pou Transfòmasyon Fwidmè**

Finanse tou atravè inisyativ Transfòmasyon Aliman Ble Gouvènè a, CCE nan Konte Suffolk te angaje moun ki gen enterè nan endistri a epi li te fè rechèch pou defini ak bese defi ki nesèsè pou elaji kapasite pou trete fwidmè nan Long Island. Pwojè a egzamine modèl fonksyonman, kote yo, konsepsyon etablisman debaz yo, ak bidjè

kapital la kòm yon baz pou etablisman transfòmasyon fwidmè otonòm. Y ap prezante yon pwojè rapò final pou jwenn kòmantè sou endistri a nan Somè sou Fwidmè Long Island lan mwa sa a.

### **Gwoup Travay Entèrajans lan**

Anplis santye kuizin ak etid fezabilite, Gouvènè a te anonse tou ke AGM, Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC), Empire State Development, Depatman Sante (Department of Health, DOH), New York Sea Grant (Sibvansyon pou Lanmè Nouyòk), ak lòt ajans ki enplike nan pwodiksyon ak maketing fwidmè te fòme Gwoup Travay Entèrajans sou Fwidmè (Seafood Interagency Workgroup) Eta Nouyòk la. Gwoup la te responsab pou evalye ak kowòdone politik ak pwogram eta ki gen enpak sou lisans akwakilti, sekirite alimantè, ak mezi devlopman ekonomik, epi konsidere chemen pou kwasans endistri yo. Rapò final gwoup travay la disponib sou entènèt sou [sitwèb AGM](#) lan.

Eta Nouyòk gen yon endistri fwidmè sovaj divèsifye dirab ak yon endistri akwakilti k ap grandi epi ki rekòlte yon varyete pwodwi tankou pwason najwa, varek, ak kristase. An 2023, pechè komèsyal yo te rekòlte plis pase 7.25 milyon kg (16 milyon liv) pwason najwa nan Long Island, yon valè ki evalye a plis pase 28 milyon dola. Montauk, pi gwo pò lapèch komèsyal eta a, se 51è nan nasyon an pou fwidmè sovaj ki baze sou liv, ak 53è nan nasyon an dapre valè an dola.

Soti nan Long Island rive nan Finger Lakes, alafwa operasyon akwakilti nan ti echèl ak nan echèl komèsyal yo kiltive fwidmè fre, san danje epi dirab, epi rekòlte pwason sovaj yon fason ki dirab. Dapre Resansman Agrikilti USDA ki pi resan an, endistri akwakilti a reprezante plis pase 25 pousan nan fèm nan Long Island, ak 155 operasyon nan Konte Suffolk ak 15 nan Konte Nassau. Konbine, de konte yo te pwodwi plis pase 14.5 milyon dola nan lavant an 2022.

**Komisè Enterim Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation) la, Amanda Lefton, te deklare,** "Gras a sipò ak pwoteksyon kontinyèl Gouvènè Hochul pou abita ak resous maren iranplasab South Shore a, inisyativ Santye Kuizin Fwidmè Long Island lan ap prepare pou l lanse premye segman li a epi selebre kokenn chenn fwidmè ki asosye ak kilti kotyè ak tradisyon maritim dinamik Long Island yo. DEC apresye travay patnè nou yo nan Depatman Agrikilti ak Mache yo ak travay yo pou sipòte eklozri lokal yo, pou ranfòse ekonomi agrikilti kristase a nan Long Island ak konpleman efò kontinyèl Eta a pou asire siksè endistri lapèch komèsyal Nouyòk la pandan y ap pwoteje fwidmè pou konsomatè yo."

**Komisè Depatman Transpò Eta Nouyòk (Department of Transportation) Marie Therese Dominguez te deklare,** "Long Island se youn nan episant endistri alimantè ak bwason Nouyòk ke yo rekonèt entènasyonanman, ak jaden rezen li yo ki gen renome nan lemonn, tè agrikòl ki rich ak istwa lapèch ki rich. Santye Kuizin Fwidmè Long Island lan, ke DOT Eta Nouyòk sipòte ak fyète, pral amelyore akwakilti dirab ak an sante epi li se yon fason pafè pou rezidan South Shore ak vizitè yo jwi plaj primitif Long Island ak

animal endijèn, pandan y ap jwi kèk nan fwidmè ki pi nourisan epi ki gen bon gou pase nenpòt kote nan mond lan. Na wè sou Santye a!"

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Devlopman Empire State (Empire State Development) la, Hope Knight, te deklare,** "Nouvo Santye Kuizin Fwidmè Long Island lan pral montre òf gastronomik klas mondyal ki disponib pou rezidan yo ak vizitè yo atravè South Shore a. Sa pral mete aksan sou enpòtans endistri akwakilti rejyon an epi prezante plis moun nan ti biznis inik ki enpòtan anpil pou ekonomi lokal yo."

**Rob Carpenter, Direktè Biwo Fèm Long Island (Long Island Farm Bureau), te deklare,** "Lapèch komèsyal ak akwakilti se endistri eritaj ki enpòtan anpil nan Long Island. Pechè nou yo, ak kiltivatè zwit nou yo bay rezidan yo kèk nan pi bon kalite fwidmè ki pi gou yo jwenn nenpòt kote nan mond lan. Santye fwidmè sa a pral ede ankouraje restoran, boutik, ak pwodwi fwidmè enkwayab ki disponib nan pwòp lakou pa nou pou rezidan yo fè eksperyans epi jwi."

**Prezidan Asosyasyon Elvè Zwit Long Island lan, Eric Koepele, te deklare,** "Si Dorothy te soti nan Long Island, chak santye koki yuit ta evite Oz pou yon paradi fwidmè tankou The Snapper Inn—kote zwit lokal yo se jwayo briyan dèyè rido a. Mwen ankouraje vizitè yo pou yo dekouvri pi bèl kote odela lakansyèl sou Santye Kuizin Fwidmè Long Island lan pou degiste pi bon zwit lokal, fre, ki gen bon gou nan Long Island lan."

**Direktè Egzekitif Asosyasyon Lapèch Komèsyal Long Island, Bonnie Brady, te deklare,** "Pandan twò lontan, konsomatè yo ak vizitè yo nan Long Island yo te dwe "konnen" kote pou yo jwenn espesyalite lokal yo nan jounen an nan restoran, boutik fwidmè, ak ti biznis soti nan bato rive sou tab yo. Koulye a, ak aplikasyon an, nenpòt moun ka jwenn manje fwidmè ki pi fre nan Long Island, nan nò oswa nan sid, kèlkeswa nan Fork yo ap viv oswa y ap ki vizite!"

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Discover Long Island lan, Kristen Reynolds, te deklare** "Eritaj maritim rich Long Island la ak endistri fwidmè klas mondyal la se faktè kle nan touris ak vitalite ekonomik pou rejyon nou an. Kòm sèl òganizasyon maketing destinasyon Long Island ki akredite ak yon odyans ki gen plis pase 10 milyon espektatè mondyal, nou pa ka tann pou pataje nouvo pwodwi enteresan sa a, ankouraje alafwa rezidan lokal yo ak vizitè yo eksplòre ak sipòte ti biznis yo, restoran, ak kominote kotyè yo ki fè destinasyon nou an vrèman inik."

**Melissa Fleischut, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Asosyasyon Restoran Eta Nouyòk (New York State Restaurant Association) la, te deklare,** "Ak sèn gastronomik dinamik li an, Long Island renome pou restoran eksepsyonèl li yo, epi nou kontan wè Gouvènè Hochul ak lòt lidè eta kontinye sipò yo pou biznis lokal atravè eta a. Mwa ete yo se yon monan ki chaje ak aktivite touristik, sa ki fè lansman Santye Kuizin Fwidmè Long Island lan espesyalman rive alè. Nou anvi wè enpak pozitif inisyativ sa a pral genyen sou endistri restoran rejyon an, sa ki lakòz konsyantizasyon ak vizitè yo nan etablisman lokal sa yo."

**Senatè Eta, Michelle Hinchey, te deklare,** "Santye gastwonomik yo se plan pou kèk nan pi bon manje lokal Nouyòk gen pou ofri, k ap gide moun nan manje ak pwodwi ki gen bon gou pandan y ap sipòte ti biznis k ap sèvi yo. Lansman Santye Kuizin Fwidmè Long Island lan ajoute yon nouvo kouch nan sistèm santye manje Nouyòk ki agrandi a epi nou te fyè pou n avanse inisyativ sa a pou pi devan nan bidjè ane pase a. Li enteresan pou w wè santye an reyalize, paske nou konnen li pral bay moun nan lokalite yo ak vizitè yo chans pou yo eseye kaptire sa ki pi fre yo, eksplòre nouvo kominote yo, epi dekouvri mèchèt kache sou pakou a."

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** "Mwen kontan anpil paske Santye Kuizin Fwidmè Long Island lan ap fonksyone. Nou enkli Inisyativ Transfòmasyon Aliman Ble a nan bidjè eta ane pase a pou sipòte endistri akwakilti Nouyòk la ak inisyativ tankou sa a. Santye kuizin yo pwouve yo trè popilè paske yo ankouraje manje lokal yo ak biznis agrikòl atravè agrikilti ak touris. Nouvo Santye a ak aplikasyon dijital sa a pral mete aksan sou pwason ak kristase ke yo rekonèt yo elve ak rekòlte lokalman nan Long Island."

**Manm Asanble Jarett Gandolfo, te deklare,** "Endistri fwidmè Long Island la se pa sèlman yon pati enpòtan nan ekonomi lokal nou an, li fè pati moun nou ye a. Soti nan restoran familyal yo rive nan pechè k ap travay di, anpil mwayen sibzistans depann de yon endistri akwakilti k ap pwospere. Lansman Santye Kuizin Fwidmè Long Island lan se yon bon fason pou mete aksan ak sipòte biznis sa yo pandan y ap bay rezidan yo ak vizitè yo chans pou yo fè eksperyans fwidmè enkwayab dlo nou yo bay yo. Envesti nan endistri fwidmè lokal nou an vle di pwoteje travay, ranfòse touris Long Island, ak prezève yon tradisyon de jenerasyon an jenerasyon. Mwen vrèman eksite pou m wè sa a dekole epi pou m kapab wè enpak pozitif li pral genyen sou kominote nou an."

**Sipèvizè Vil Islip la, Angie Carpenter, te deklare,** "Wavi navigab Long Island yo se youn nan pi gwo resous natirèl nou yo, ak inisyativ tankou Santye Kuizin Fwidmè yo non sèlman selebre eritaj maritim nou an ki date depi lontan, men tou sipòte moun k ap travay di ki soutni endistri fwidmè lokal nou an. Atravè inisyativ Ekwozri Zwit Vil nou an, nou pran angajman pou pwoteje kalite dlo a, renouvle popilasyon kristase, epi asire ke fwidmè ki rekòlte lokalman rete yon poto mitan nan ekonomi ak kilti nou an. Mwen fyè pou m kanpe ansanm ak anpil patnè devwe jodi a pandan n ap kontinye travay pou yon avni k ap pwospere, dirab pou Long Island."

Inisyativ Transfòmasyon Aliman Ble a te anonse nan pwopozisyon Eta Leta 2024 Gouvènè a pou ogmante demann konsomatè pou manje lokal yo epi ranfòse sistèm manje lokal la. Efò a pral gen 5 milyon dola nan finansman enfrastrikti pou ranfòse agrikilti maren, fè pwomosyon yon anviwònman natirèl ki sen, epi bay Nouyòkè yo yon sous nitrisyon fwidmè ki grandi lokalman. Envestisman sa yo chita sou angajman Gouvènè a pou ogmante demann pou pwodwi agrikòl Nouyòk yo, ranfòse chèn apwovizyonman manje Nouyòk la, epi asire tout Nouyòkè yo kapab jwenn aksè nan manje fre ak lokal yo. Sa enkli Dekrè Egzekitif 32 Gouvènè a ki mande ajans Eta yo pou

ogmante pousantaj manje ki soti kay kiltivatè ak pwodikèt Nouyòk yo a 30 pousan nan acha total yo sou senk ane.

Eta Nouyòk kontinye bay priyorite pou ogmante aksè a manje pou tout Nouyòkè yo epi bay nouvo mache pou agrikiltè yo atravè yon kantite pwogram ak inisyativ, ki gen ladan inisyativ amelyore FreshConnect Fresh2You, Pwogram Nitrisyon Mache Agrikiltè yo, ak Pwogram Sibvansyon pou Fèm Ibèn ak Jaden Kominotè ak plis ankò. Depatman an administre tou pwogram Nourish New York (Nouri Nouyòk), ki prevwa yon lòt investisman 5 milyon dola nan Bidjè Egzekitif Gouvènè a pwopoze pou ane sa a

Inisyativ 30 pousan Eta Nouyòk la pou lekòl yo, ki se pwogram Eta a soti nan Fèm pou rive nan Lekòl, ak pwogram nitrisyon timoun ke Depatman Edikasyon Eta a administre, konsantre sou achte plis pwodwi lokal nan men kiltivatè Nouyòk yo epi ogmante manje lokal ki bon pou lasante epi ki nourisan pou dejene nan lekòl Nouyòk yo.

Anplis de sa, Gouvènè a ap dedye 50 milyon dola sou senkan pou sipòte etablisman pou kwit manje rejyonal yo ki pral fasilite itilizasyon pwodui agrikòl fre Eta Nouyòk nan preparasyon repa pou timoun lekòl K-12 ak yon pwogram sibvansyon 10 milyon dola pou sipòte etablisman mache agrikòl, makèt, koperativ alimantè ak lòt magazen alimantè ki vann an detay, ansanm ak enfrastrikti sipò nan kominote ki defavorize ak rejyon yo nan Eta a.

Aprann sou pwogram ak inisyativ AGM lan ki konsantre sou bay nouvo mache pou kiltivatè yo, ogmante aksè manje nan kominote defavorize yo, ak bati kominote ki pi an sante [sou sit wèb AGM lan nan paj "Healthy Communities"](#) (Kominote ki an Sante) a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)